

Katriyèm Sant Redrèsman apre Dezas Louvri St. Croix pou Sivivan Siklòn yo

Release Date: October 27, 2017

ST. CROIX, Zile Vyèj — Yon katriyèm Sant Redrèsman apre Dezas (Disaster Recovery Center, DRC) louvri jodi a St. Croix pou ofri enfòmasyon ak èd bay sivivan siklòn Irma ak Maria.

Nouvo sant la pral louvri soti 8è AM pou 5è PM lendi pou vandredi ak soti 1è PM pou 5è PM chak dimanch.

Adrès nouvo DRC an se:

- **St. Peter's Episcopal Church, 38-44 Castle Coakley, Christiansted**

Sant Redrèsman yo ofri sipò fas-a-fas bay pwopriyetè kay, lokatè ak pwopriyetè tibiznis sou labaz deklarasyon ofisyèl gwo dezas gouvènman an te fè apre pasaj siklòn yo.

Espesyalis redrèsman ak re-konstriksyon ki soti nan Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak Administrasyon Etazini pou Tibiznis (U.S. Small Business Administration, SBA) pare pou ede sivivan yo enskri pou jwenn asistans, pou bay enfòmasyon osijè èd federal ki disponib epi pou reponn kesyon.

Twa (3) lòt sant redrèsman St. Croix yo anrejistre plis pase 4,700 vizitè depi premye an te louvri jou 8 oktòb. Yo louvri soti 8è AM rive 5è PM toulejou, menmsi adrès Rotary Club West lan pral rete fèmen dimanch 29 oktòb, 5 novanm ak 19 novanm.

Adrès lòt DRC St. Croix yo se:

- **Rotary Club West, 40 KA-KD Estate LaGrange, Frederiksted**
- **The Old Post Office Building at Church and Company streets, Christiansted**



FEMA

Page 1 of 3

■ **Fire Captain Rencelliar I. Gibbs Fire Station at Parcel #1, Estate Cotton Valley, East End, Christiansted.**

St. Croix te deziyen pou resevwa Asistans Endividyèl sou labaz deklarasyon ofisyèl gwo dezast gouènman te anonse apre pasaj Siklòn Maria. Sepandan, sivivan Siklòn Irma yo gendwa jwenn repons pou kesyon yo vle poze yo nan nenpòt nan pami kat (4) sant redrèsman ki genyen sou zile la.

Sivivan yo ki gen aksè nan Entènèt gendwa enskri opre FEMA pou jwenn asistans nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), oswa yo ka rele nan **800-621-3362**. Moun ki gen yon andikap ki anpeche yo pale oswa ki di pou tande epi ki sèvi ak TTY ta dwe rele nan 800-462-7585 dirèkteman. Moun ki sèvi ak 711 oswa ak Sèvis Relè Videyo (VRS) gendwa rele nan 800-621-3362.

Nimewo telefòn gratis yo ap mache koumanse 7è nan maten rive 11è leswa (è lokal) 7 jou sou 7. Operatè yo pare pou ede sivivan yo ann Angle, Panyòl ak nan anpil lòt lang toujou.

###

*Gen asistans pou retabli ki disponib bay tout moun san nou pa gade ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, kapasite pou pale Angle oswa nivo ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan **800-621-3362** (sèvis vokal, **711/VRS** – Sèvis Relè Videyo) (TTY: **800-462-7585**). Operatè ki pale plizyè lang disponib (peze 2 pou Panyòl).*

Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou ak ekip entèvansyon ijans yo pou asire n ap travay men nan lamèn antanke nasyon pou konstwi, kenbe ak amelyore kapasite nou pou pare, pou pwoteje nou, pou reponn ak pou nou retabli epi pou nou redwi tout danje yo.

Pou jwenn enfòmasyon ofisyèl konsènan aktivite retablisman yo apre pasaj Siklòn Irma, tanpri al gade nan www.fema.gov/hurricane-irma, www.informusvi.com oswa nan www.usviupdate.com. Swiv nou sou twitter [@femaregion2](https://twitter.com/femaregion2).

*Pou bay lajan owa pou pwopoze tèt ou kòm volontè, kontakte òganizasyon volontè oswa charitab ou pito a atravè Ajans Nasyonal Volontè ki Aktif pandan Dezast (National Voluntary Agencies Active in Disasters, NVOAD) nan www.nvoad.org. Moun ki ta renmen ede yo ta konsidere ke don **lajan kach** bay*



FEMA

Page 2 of 3

ajans volontè yo plis fleksibilite pou jwenn resous li plis bezwen yo epi sa ede ponpe lajan nan ekonomi lokal la pou ede biznis yo refè. Fondasyon Kominotè Zile Vyèj (The Community Foundation of the Virgin Islands) gen tou yon “Fon pou Zile Vyèj yo” nan www.USVIrecovery.org.



FEMA

Page 3 of 3